

# VAKSEN

## Pran piki pou w rete an sante

### Vaksen se piki ou pran pou ede evite w tonbe malad

#### POUKISA MWEN BEZWEN PRAN VAKSEN?

Ozetazini, anpil maladi ki te konn fè moun malad anpil ap disparèt. Youn nan pi gwo rezon ki fè sa se paske nou pran vaksen. Vaksen ede anpeche maladi ou ka pran nan men lòt moun. Lè ou pran piki ou bezwen, ou pwoteje tèt ou ak fanmi ou kont maladi.

#### KIJAN VAKSEN YO MACHE?

Yon vaksen fèt ak menm viris (sa yo rele mikwòb tou) ki ba ou maladi a. Mikwòb yo itilize pou fè vaksen an swa “mouri” oswa fèb. Li p ap fè ou malad. Men, l ap ede kò ou konbat kont mikwòb yo ak maladi yo bay yo.

#### KIMOUN KI BEZWEN PRAN VAKSEN?



#### ÈSKE YO GENYEN OKENN MOVE EFÈ?

Kèk moun santi kèk ti efè apre yo fin pran piki yo. Yo ta dwe disparèt apre detwa jou.




Doulè/Wouji

Ti Bouton

Ti Fyèv

Kèk moun santi kèk gwo move efè apre yo fin pran piki yo. Nan pifò ka, y ap santi yo detwa minit oswa detwa èdtan apre moun nan fin pran piki a.



Difikilte Pou Respirè

Toudisman

Bouton/Gratèl

Gòj Anfle

#### KI VAKSEN MWEN BEZWEN?

Sou tablo ki lòt bo a nou montre piki granmoun ak timoun bezwen. Granmoun ki pa te pran piki yo lè yo te timoun kapab bezwen pran plis piki. Pale ak doktè ou pou konnen ki piki ou bezwen pran.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou: [www.vaccines.gov](http://www.vaccines.gov)

Non doktè mwen:

Nimewo telefòn doktè mwen:

# Pran piki pou w rete an sante

Ale kay doktè ou pou egzamen woutin epi pran nenpòt nouvo piki ou bezwen.

Men poukisa ou bezwen piki nou make pi ba yo: \_\_\_\_\_  
 (Non) (Laj)

Pwochen vizit ou se: \_\_\_\_\_ (am/pm)  
 (Dat) (Lè) (Dat Nesans)

Kijan li rele?	Kimoun ki bezwen li?			Ki maladi piki a ede anpeche?	Kisa maladi a bay?
	Timoun* Sèlman	Timoun ak Granmoun	Granmoun sèlman		
<input type="checkbox"/> DTaP ou Td/Tdap		X		Difteri	Lafyè, malgò, feblès ; ka rale mennen kase domaj nan kè epi nan nè yo.
				Tetanòs	Lafyè, kou rèd, difikilte pou vale ; ka lakòz difikilte pou respire.
				Koklich	Gwo tous, nen k app koule, pòz nan respirasyon tibebe a ; ka lakòz enfeksyon nan poumon.
<input type="checkbox"/> Grip		X		Grip	Lafyè, malgò, tous, doule nan misk ; ka lakòz enfeksyon nan poumon.
<input type="checkbox"/> HepA		X		Epatit A	Fatig, je ak po jòn ; ka lakòz maladi nan fwa, ren, epi san.
<input type="checkbox"/> HepB		X		Epatit B	Feblès, je ak po jòn ; ka lakòz maladi nan fwa.
<input type="checkbox"/> Hib		X		Haemophilus influenza tip b	Ka lakòz enfeksyon poumon yo ak pavwa toutotou sèvo ak zo chenn do a.
<input type="checkbox"/> HPV		X		Viris papilòm imen.	Veri jenital ; ka lakòz diferan kalite kansè.
<input type="checkbox"/> IPV	X			Polyo	Malgò, lafyè, ak maltèt ; ka fè kò a pa ka bouje.
<input type="checkbox"/> MenACWY ou MenB		X		Menengokoksi.	Kou rèd ak lafyè sibat ; ka lakòz enfeksyon nan pawa ki toutotou sèvo a ak zo chenn do a.
<input type="checkbox"/> MMR		X		Lawoujòl	Lafyè, gratèl, nen k ap koule, tous, epi konjonktivit ; ka lakòz enfeksyon nan poumon.
				Malmouton	Kafyè, maltèt, epi anfleman glann ki pwodui krache ; ka lakòz enfeksyon nan pawa ki toutotou sèvo a ak zo chenn do a.
				Ribeyòl	Lafyè, glann anfle, ak ti bouton
<input type="checkbox"/> PCV13 ou PPSV23		X		Maladi nemokoksik.	Enfeksyon nan poumon ; ka lakòz enfeksyon nan san.
<input type="checkbox"/> RV1 ou RV5		X		Wotaviris	Lafyè, vomisman ak dyare
<input type="checkbox"/> Varisèl	X			Saranpyon	Lafyè ak demanjezon ki grate.
<input type="checkbox"/> Zona			X	Maladi nè nan po	Ti bouton ak zanpoud ki fè mal

\* Timoun laj 0 a 18 an

**Kenbe tèt ou ak fanmi ou an sante. Pran piki nou.**